



Komisyon pou Jistis Rasyal Vil New York
Seyans Opinyon Piblik NYC pou Jistis Rasyal la
Lendi 8 novanm 2021 a 5:00 p.m.

AVI SEYANS OPINYON PIBLIK

Komisyon pou Jistis Rasyal (Racial Justice Commission) Vil New York la pral òganize yon Seyans Opinyon Piblik nan Brooklyn sou chanjman estriktirèl yo nan Konstitisyon NYC an pou akonpli egalite rasyal. Pòt yo ap ouvè pou piblik la a 5:00 p.m. nan lendi 8 novanm 2021.

Seyans opinyon piblik la ap fèt an pèsonn:

Lendi 8 novanm
5:00 – 8:00 PM

(enskripsyon ap kòmanse a 5:00, seyans la ap kòmanse a egzakteman 5:30 PM)

Adrès:

Brooklyn Museum
200 Eastern Pkwy
Brooklyn, NY 11238

**Gen yon ranp aksesib nan antre prensipal la. Plis enfòmasyon sou [aksèsibilite lokal la](#).*

Enskripsyon alavans ak prèv vaksinasyon obligatwa pou antre an pèsonn.

Lokal sa a respekte Egzijans NYC an sou Vaksen kont COVID-19, ki mande pou tout moun ki vini yo montre prèv omwen yon vaksinasyon. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon [sou entènèt](#).

- **Ou dwe enskri alavans pou vini.** Pou antre nan lokal la ou dwe **te enskri alavans**. OU P AP KA ENSKRI SOU PLAS.
- Enskri alavans pou vini nan lyen sa a: bit.ly/nyc4rj-brooklyn

Tanpri sonje lè y ap antre, tout moun ki vini nan reyinyon an dwe montre yon pyès idantite ki gen foto yo ak prèv omwen yon dòz vaksen. Andedan kote a tout moun ki vini yo ap oblije pratike distans fizik epi moun ki vini yo ki gen plis pase laj dezan e ki sou plan medikal kapab tolere kachnen ap oblije mete kachnen, ke yo vaksinen ke yo pa vaksinen.

Pou sekirite, kapasite sal reyinyon an se 100 moun pou piplis.

Tanpri pa vini an pèsonn si:

- Ou te gen sentòm COVID-19 pandan 10 dènye jou yo (yon lafyèv omwen 100.0 degre Fahrenheit, yon nouvo tous, ou kòmanse pa ka pran gou oswa sant, oswa ou gen souf kout).

- Ou te gen yon tès COVID-19 pozitif padan 10 dènye jou yo.
- Ou te gen kontak pwòch (distans mwens pase 6 pye pandan omwen 10 minit sou yon peryòd 24 èdtan) avèk yon moun pandan li te gen COVID-19 nan 10 dènye jou yo e ou dwe fè karantèn dapre enstriksyon CDC bay yo kounye a (ou pa t gen COVID-19 pandan 3 dènye mwa yo, e ou pa fin vaksinen nèt).

Manm yo nan piblik la gen dwa gade oswa koute seyans la a distans:

- Gade li an dirèk sou on.nyc.gov/racialjusticepublicinput
- Rele sou telefòn pou koute seyans opinyon an avèk enfòmasyon ki pi ba a yo:
 - **Anglè**
 - **Konferans odyo:** +1 646 558 8656
 - **Nimewo Webinè a:** 863 3737 9741

Reyinyon sa a ouvé pou piblik la e piblik la ap gen chans temwaye devan manm Komisyon an. Chak manm piblik la gen dwa temwaye pandan jiska twa (3) minit, sa gen ladan yon sèl reprezantan yo deziyen pou yon gwoup, òganizasyon, oswa enstitisyon. Moun New York soti nan nenpòt nan senk awondisman yo gen dwa temwaye. N ap fè tout posib nou pou akomode tout moun ki enskri pou pale nan seyans sa a, men si pa gen kont tan, n ap mete disponib lòt opòtinite pou temwaye nan youn nan seyans opinyon piblik Komisyon an ap òganize apre sa, keseswa vityèlman oswa an pèsonn.

E si mwen bezwen asistans pou gade reyinyon an?

Ap gen entèpretasyon an Langaj Siy Ameriken ak an panyòl sou plas. Tanpri fè demann pou entèpretasyon lang ak/oswa pou lòt aksesibilite disi 10:00 a.m. nan dat 4 novanm 2021 pa imèl bay Komisyon an nan requests@charter.nyc.gov oswa pa telefòn nan (718) 354-2718 epi kite yon mesaj vokal. N ap akomode tout demann yo nan mezi sa posib.

Enfòmasyon sou Komisyon pou Jistis Rasyal la

Konstitisyon Vil New York la prevwa estrikti gouvènman Vil la ak pouvwa pi enpòtan yo ke ofisyèl eli yo ak ajans yo genyen nan Vil la. Komisyon pou Jistis Rasyal la gen otorite yon komisyon pou revizyon konstitisyon, ki se yon komisyon pwovizwa k ap egzaminen tout Konstitisyon an epi fè elektè yo pwopozisyon pou amannman li. Komisyon pou Jistis Rasyal la gen pouvwa tou pou li rekòmande lòt pwopozisyon politik ak chanjman pwogram ki pa antre nan pwopozisyon amannman li yo.

Deklarasyon Misyon: Komisyon pou Jistis Rasyal la, avèk otorite legal yon Komisyon pou Revizyon Konstitisyon, pral pwofite posibilite transfòmasyon ki genyen nan moman sa a nan listwa pou idantifye ak pwopoze chanjman estriktirèl ak gwo refòm politik ki pral fè vanse jistis ak egalite rasyal epi kòmanse demantibile rasis estriktirèl la pou tout moun New York. Travay sa a nesèsè poutèt rasis enstitisyonèl la te modle e kontinye ap modle reyalitye nou. Komisyon an pral chèche pwodui yon gid rijid, baze sou

enfòmasyon li jwenn nan men kominote a ak sou done pou modle chimen k ap fè nou vanse a nan direksyon yon Vil New York san paspouki, ekitab, ak jis. Pandan l ap konsantre sou sa li kapab okipe sèlman pase pa Konstitisyon Vil New York la, Komisyon an gen dwa ajoute tou rekòmandasyon sou chanjman nan nivo eta ak federal, ke menm konpayi prive sa yo ta dwe antreprann, pou derasinen inegalite a.